



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RESTORASYON KI KONPLETE NAN ABITA RESIF  
ZWIT YO TOU PRE PON GOVERNOR MARIO M. CUOMO A**

***Yo Te Plase Plis Pase 400 Estrikti Resif Zwit yo nan Rivyè Hudson***

***Sistèm Resif Zwit lan Kouvri Plis Pase De Ekta nan Rivyè a***

***Yon Pati nan Angajman Anviwònmantral Pwojè Pon an Pral Pwoteje Rivyè Hudson***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te plase plis pase 400 estrikti resif zwit yo nan Rivyè Hudson tou pre Pon Governor Mario M. Cuomo a nan kad angajman eta a te pran pou retounen etabli popilasyon zwit sovaj nan rivyè a. Nou sistèm resif zwit lan kouvri plis pase de ekta nan Rivyè Hudson.

“Restorasyon popilasyon zwit lan enpòtan anpil pou sante alontèm Rivyè Hudson, youn nan pi gwo trezò natirèl New York yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Resif sa yo pral ede kreye yon abita marin ki djanm epi an sante epi pwoteje anviwònman New York pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

Nan mwa Jiyè, pèsònèl nan Billion Oyster Project (BOP), yon Pwogram NY Harbor Foundation, te sipèviz plasman 422 kaj gabyon an asye yo, chak peze 250 liv, ak balon resif an beton yo ki peze 200 ak 300 liv yo ki nan fon rivyè a pou pwomouvwa etablisman zwit lav yo ak kwasans abita resif zwit lan. Yo te plase estrikti yo 12 a 20 pye anba sifas rivyè a nan twa lokal ki tou pre pon an.

Kaj gabyon yo te elabore epi asanble sou Governors Island, kote plis pase 200 volontè BOP yo ki soti nan zòn twa eta a te ranpli yo ak kokiy zwit vid ke plis pase 70 restoran Vil New York te fè don de yo. Estrikti resif zwit yo se pi gwo sistèm resif nan istwa Billion Oyster Project. Otorite Thruway yo (Thruway Authority) pral sipèviz kaj yo ak balon resif yo pou rive jiska 2020 pou mezire kwasans popilasyon zwit, sivi yo ak kalite dlo yo.

Konstwiksyon Pon Governor Mario M. Cuomo a te egzije relokasyon kèk abita zwiv pou viv yo. Nan kad angajman jesyon anviwònmantral pwojè a yo, Otorite Thruway Eta New York yo te etabli yon gwoup travay sou zwit epi li te finanse rechèch pou ede dirije efò restorasyon an. An 2015, Otorite Thruway yo te fè patenarya ak syantifik ak ekspè restorasyon zwit yo ki gen pami yo Billion Oyster Project, Hudson River Foundation lan ak University of New Hampshire sou yon etid pilòt de ane pou fè konsepsyon ak

konstwiksyon estrikti abita resif yo epi detèmine lokal ki apwopriye pou plasman nan fon Rivyè Hudson. Gwoup travay zwit lan te gen ladan Hudson Riverkeeper, Scenic Hudson, NY/NJ Baykeeper, Cornell University, Administrasyon Oseyanik ak Atmosferik Nasyonal la (National Oceanic and Atmospheric Administration), Administrasyon Otowout Federal lan (Federal Highway Administration) ansanm ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York.

“Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, ekip pwojè ki ap konstwi nouvo pon an te totalman angaje nan pwoteje Rivyè Hudson ak lavi marin rich li an”, **Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway Matthew J. Driscoll te deklare.** “Ajou estrikti anba dlo sa yo pou ankouraje abita zwit yo sipòte objektif nou genyen pou prezève resous natirèl presye nou yo.”

**Komisè DEC Basil Seggos te deklare,** “Achèvman Pwojè Restorasyon Zwit lan (Oyster Restoration Project) se yon refleksyon angajman djanm Gouvènè Andrew Cuomo pran pou pwoteje resous natirèl nou yo, epi li se yon omaj ki adapte pou tradisyon fyè ekselans anviwònmanal fanmi li. Anbouchi Rivyè Hudson lan lontan li te chaje ak nich zwit ki an sante, ki ap bay sèvis ekosistèm ki presye nan rejyon an nan filtre dlo yo, nan bay abita pou lòt espès marin yo ak yon benediksyon pou ekonomi lokal lan. Anons jodi a pral travay pou retounen etabli zòn sa kòm yon abita pou zwit ki an sante”.

**Pete Malinowski, ki se Ko-Fondatè ak Direktè Egzekitif BOP, te deklare,** “Nou tout nan Billion Oyster Project rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt opòtinite pou konstwi plis pase 400 estrikti resif yo pou pi gwo enstalasyon resif nan istwa Billion Oyster Project. Nou wè pwojè restorasyon sa kòm bay yon egzant pwisan sou jan moun ka rasanble ansanm nan sèvis yon vizyon pou fè Pò New York, ak Vil New York, vin pi dirab. Plizyè santèn volontè ki soti nan zòn twa eta a te ede nou konstwi epi asanble estrikti resif yo, elèv ak pèsonèl nan Harbor School yo te gen wòl lidèchip nan konsepsyon ak konstwiksyon estrikti yo, epi plis pase 70 restoran Vil New York te fè don kokiy ki rann li posib pou zwit yo siviv epi pwospere nan Rivyè Hudson”.

### **Pon Governor Mario M. Cuomo a**

Pon Governor Mario M. Cuomo a ki mezire 5 kilomèt la se premye pon sispann a kab ki pase sou Rivyè Hudson lan epi li te ranplase Pon Tappan Zee ki te gen 62 ane an. Avèk ywit tourèl ki mezire 419 pye ki kanpe nan yon ang senk degre, nouvo pon an gen yon total 192 kab fiksasyon. Ane pase, yo te chanje tout sikilasyon yo pou ale sou nouvo liy nan direksyon lwès pon an nan yon konfigirasyon sikilasyon tanporè (kat liy sikilasyon nan chak wout). Depi lè sa a, konstwikte konsepsyon Tappan Zee Constructors te ap demonte ansyen pon an pandan yo t’ap konstwi tou liy nan direksyon lès la, ki pwograme pou ouvri sikilasyon pi devan nan ane sa a.

Yon fwa ke pwojè a fin konplete, popilasyon an pral tire tout avantaj nouvo wout doub la, ki gen ladan:

- Ywit liy sikilasyon jeneral;
- Kat liy ijans ak pàn yo;

- Vwa pou sèlman bis yo pase ak espas pou tren banlye yo; epi
- Yon vwa pou bekàn ak santye pou moun mache.

Ou kapab jwenn enfòmasyon ajou sou konstriksyon Pon Governor Mario M. Cuomo a nan [www.newnybridge.com](http://www.newnybridge.com) oswa sou Twitter lè ou suiv [@NewNYBridge](https://twitter.com/NewNYBridge).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)